



Pou Biblikasyon Imedya: 20/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA PRAL ENSTALE KAMERA SEKIRITE NAN CHAK MACHIN METWO NAN VIL NEW YORK

Nouvo Finansman konplete kamera ki deja egziste yo nan machin ak estasyon tren yo

Lòt enstalasyon kamera yo pèt tout flòt Metwo a ekipe ak de kamera nan chak machin tren

Dènye mezi Gouvènè Hochul pran pou dekouraje krim ak amelyore sekirite tren

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Transpò Piblik Otorite Transpò Metropoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) Vil New York la te resevwa yon prim 2 milyon, atravè pwogram sibvansyon federal Inistativ pou Sekirite Zòn Iben (Urban Area Security Initiative) an, ki pral bay finansman pou enstalasyon kamera nan tout flòt machin tren yo, pou amelyore pwoteksyon sekirite, epi, sa ki pi enpòtan, ogmante konfyans pasaje yo nan sekirite transpò an mas. Inistativ pou Sekirite Zòn Iben an se yon pwogram ki anba Sibvansyon pou Preparasyon Depatman Sekirite Enteryè Etazini (U.S. Department of Homeland Security). Finansman an pral pèmèt yo achte 5,400 kamera pou enstale sou 2,700 machin nan tren Transpò Piblik Vil New York yo, de pou chak machin. Anplis de sa, pwogram nan pral finanse apeprè 3,800 kamera k ap elaji kouvèti asirans nan apeprè 130 estasyon metwo.

"Priyorate prensipal mwen antanke Gouvènè se kenbe Nouyòkè yo an sekirite". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè dèské nou pral enstale kamera sou tout machin Metwo yo - sa k ap elaji kapasite sekirite nou yo, dekouraje krim, epi bay fòs lòd nou yo sipò. Pandan n ap kontinye re-akeyi pasaje yo nan sistèm transpò piblik la, nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou kenbe pasaje yo an sekirite."

Finansman an pral ranfòse davantaj rezo sekirite NYC Transit ki deja egziste a ki genyen plis pase 10,000 kamera atravè tout 472 estasyon tren yo. Nouvo finansman an kouvri depans pou enstalasyon kamera nan 6,355 machin, sa ki pèmèt MTA ekipe konplètman chak machin metwo ak kamera -- pou konplete yon pwogram pilòt kamera ki egziste deja ki gen ladan 200 kamera nan 100 machin metwo. Anplis de sa, finansman ki soti nan Plan Aksyon Metwo (Subway Action Plan) a ki totalize 3.5 milyon dola pral pèmèt yo achte 7,310 kamera nan 3,655 machin, de pou chak machin.

Finansman total pou konplete enstalasyon yo egal ak 5.5 milyon dola. Lè enstalasyon an kòmanse, 200 machin tren anplis pa mwa ap gen kamera enstale jiskaske tout flòt machin tren an ekipé ak kamera, sa ki te prevwa pou rive nan yon moman an 2025. Anplis de sa, lè yo pral distribiye nouvo machin metwo R211 yo apati kòmansman ane 2023, yo pral deja ekipé ak kamera.

Sa a se dènye mezi Gouvènè Hochul te pran pou dekouraje krim epi amelyore sekirite Metro Vil New York yo. Nan mwa jwen an, Gouvènè Hochul te siyen [Lejislasyon](#) pou pwoteje anviwon 11,000 lòt travayè transpò publik kont agresyon ak asèlman.

Lejislasyon an pwolonje akizasyon kriminèl moun ki agrese asistan kliyan estasyon yo, pèseptè tikè oswa revni yo, travayè mentnans yo, reparatè yo, netwayè yo, ak sipèvize yo, ki pa te pwoteje pa lwa ki egziste deja yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Kòm mwen te di anpil fwa anvan, moun ki komèt krim nan sistèm transpò publik la, yo pral idantifye yo epi mennen yo devan jistis. Pasaje yo ta dwe konnen yo gen sipò nou pandan tout vwayaj pa yo epi amelyorasyon enpòtan sa a - ki te rive posib gras ak nouvo dola ki soti nan men Gouvènè Hochul - se yon gwo etap nan direksyon pou ranfòse konfyans Nouyòkè yo nan sekirite transpò publik la."

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Sekirite publik se pi gwo priyrite mwen epi nouvo inisyativ sekirite sa a pral travay davantaj pou asire ke tout Nouyòkè yo ka rive kote yo bezwen ale an sekirite. Transpò publik se kolòn vêtebral Vil New York, epi lè vwayajè yo santi yo pwoteje tout sistèm nan kanpe djanm. M ap tann chanjman inevitab ak pozitif nouvo pwogram sa a pral pote, ansanm ak kontinye travay ak Gouvènè Hochul pou kenbe metwo nou yo an sekirite pou tout pasaje yo."

Komisè NYPD, Keechant L. Sewell, te deklare, "NYPD p'ap janm sede yon pouz nan travay kontinyèl li pou asire pwoteksyon ak sekirite plizyè milyon pasaje ki, chak jou, depann de nou atravè pi gwo sistèm metwo nan peyi a. Sa a se pwomès ki pi fondamantal nou pandan n ap rete konsakre pou prevni krim, zak teworis ak dezòd. NYPD deja itilize kamera MTA ki egziste deja yo, ak anpil siksè, pou rezoud krim yo. Kounye a, ak kantite pasaje ki ogmante ak krim grav jeneralize nan sistèm transpò publik la ki tounen nan nivo anvan pandemi an - yon konsekans ogmantasyon deplwaman NYPD ki konsantre nan estasyon yo ak nan tren yo - enstalasyon kamera MTA adisyonèl yo ki kouvri tout flòt machin metwo yo pral ranfòse kapasite envestigasyon nou yo ak amelyore kapasite nou pou bay sekirite publik ki efikas ak efisyen alafwa anba tè ak anwo tè."

Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) Ia, Richard Davey, te deklare, "Yo deja pwouve pandan plizyè repriz ke kamera nan sistèm transpò publik la ede konbat krim nan tout vil la, pa sèlman nan metwo a. Elaji rezo kamera a pral sèvi pou dekouraje moun ki gen entansyon komèt yon krim antre nan sistèm transpò publik la."

Ofisye Chèf Pwoteksyon & Sekirite MTA Patrick Warren te deklare, "Kamera yo se yon zouti ki ekstrèmman efikas nan rezoud envestigasyon yo ak dekouraje krim. Pwoteksyon ak sekirite publik la ak anplwaye yo se priyorite nan MTA a epi nou toujou ap travay pou enplemante ak amelyore mezi ki sipòte priyorite sa yo. Sibvansyon sa a se yon etap enpòtan pou sipòte efò pwoteksyon ak sekirite nou yo."

Tout tren Metro-North yo ekipe ak kamera, epi plis pase 90 pouzan tren Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) yo ekipe ak kamera sekirite. Ane pase a, instalasyon kamera nan chak estasyon tren te akselere epi fini anvan orè a. Yo te enstale de mil kamera an 2021 sèlman.

MTA angaje li pou li bay transpò publik ki an sekirite ak fyab epi Prim Inisyativ pou Sekirite Zòn Iben yo make dènye etap pou lavni nan misyon Otorite a pou l vin yon sistèm transpò publik ki totalman kontwole lè li pi byen dekouraje krim epi ogmante sekirite pasaje yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418